


# 21st Century Schools

Miami-Dade County Public Schools



## KISA:

**Lekòl Leta Miami-Dade County pral mande votè county yo pou envesti nan lekòl yo nan apwouve yon vòt \$1.2 milya "General Obligation Bond (GO)" (Bon Obligasyon Jeneral) pou renove etablisman, mete teknoloji ajou, bati ranplasman lekòl, ogmante kapasite elèv, e amelyore sekirite etablisman yo.**

## POUKISA:

Yon inegalite ekziste nan eksperyans edikasyonèl elèv ki ale lekòl pi nouvo yo ak sa ki ale nan ansyen bilding yo. Pou pran tout avantaj sou teknoloji sèjousi ak anviwònman enstriksyon digital, nou dwe ranplase ansyen lekòl yo oubyen modènize yo pou bay tout elèv aksè sou pwogram akademik avanse modèn e yon anyans pou aprann an sekirite. Bon rezònman ak plizyè etid konkli elèv aprann pi byen nan klas nivo wo yo oubyen nan nouvo andwa ak teknoloji avanse, pi bon van klimatize e mwens bri.

## POUKISA SE KOUNYE A:

**Prèske mwatye nan bilding lekòl Distri yo gen plis pase 40 an e plis pase yon tyè gen omwen 50 an.** To enterè yo pi ba pase tout tan, pri bilding lokal yo ba anpil. Vote bon sa a pral pèmèt Distri a jwenn kapital alontèm li bezwen pou repeye alavni ak yon efè minim sou mèt kay. Envesti nan pwojè enfrastrikti lekòl kounye a ap fasilite yon pi gwo benefis sou takspeyè e li ap kreye travay nan kominote a. Referandòm \$1.2 milya bon yo pwopoze a **pwojete pou gen yon efè minim sou mèt kay ki ap \$5 anyèlman sou chak pwopriyete yo takse ki gen valè \$100,000 pou premye ane a;** e yo pwojete yon mwayèn \$27 anyèlman sou chak pwopriyete yo takse ki gen valè \$100,000 diran tèm bon an. Benefis alontèm pou Lekòl 21yèm Syèk la se yon inisyativ ki depase frè mèt kay yo e li pral **kreye 9,200 travay diran premye twazan yo avèk plis pase 18,000 travay dirab pandan kous konstriksyon an.**

## Bon yo Ap Ede:

- Ogmante sekirite ak pwoteksyon nan bilding lekòl yo
- Renove oubyen modènize chak lekòl
- Garanti egalite nan teknoloji atravè tout lekòl
- Ofri transparans ak konfidans atravè yon konsèy sitwayen ak kominote siveyans
- Reflete ide kominote a pandan nou ap minimize fado takspeyè yo
- Pwomouvwa pi gran patenarya/piblik

Pou plis enfòmasyon, vizite [bondsfor schools.dadeschools.net](http://bondsfor schools.dadeschools.net)



Building a Pathway to the Future  
[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)